



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 24 jiyè 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FÒMASYON GWROUP TRAVAY BRASRI ATIZANAL NEW YORK POU BAY REKÒMANDASYON SOU POU SWIV KWASANS NAN ENDISTRI ATIZANAL BYÈ ETA

Fòmasyon Gwoup yon livrezon dirèk nan somè Diven, Byè, Bwason ak Sidr la

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse fòmasyon senk premye Gwoup travay NY Craft Brewer, sa ki pral pote rekòmandasyon nan fason pou kontinye stimile ekspansyon rapid nan sektè byè atizanal eta. Gwoup travay la, ki se rezilta dirèk nan 2^{yèm} Somè Diven, Byè, Bwason ak Sidr, pral konpoze de reprezantan ki nan endistri bwason atizanal, edikasyon siperyè ak enstitisyon rechèch, sektè agrikòl la ak gouvènman eta.

“Endistri byè atizanal New York te eksperimante kwasans fòmidad nan dènye katran ki sot pase yo - e nou planifye pou kenbe elan delavan,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nan pote lidè yo ansanm nan endistri a, akademi ak sektè piblik la, nou kapab asire ke Empire State vini menm yon pi bon kote pou prepare ak pwomovwa bwason nivo klas mondyal. Se poutèt sa mwen te bay Gwoup Travay sa responsabilite, e mwen gen konfyans ke yo pral jwe yon wòl nan kontinye kiltive yon anvivonman vibran pou endistri byè atizanal la.”

Gwoup travay la pral ede kowòdone ak amelyore kominikasyon ant tout segman yo nan endistri byè atizanal la ansanm avèk gouvènman eta. Manm yo pral egalman travay ansanm pou idnatifye bezwen kap parèt yo, enkli rechèch sou nouvo varyete oublon ak òj, metòd pwodiksyon ak tandans konsomatè a; ansanm avèk asire ke eta gen enfrastrikti anplas pou endistri sa kap devlope.

Gwoup travay la pral egalman kontinye kote somè a te rete nan revize zòn potansyèl pou règleman refòm ak gide devlopman kontinyèl [Yonsèl arè](#), Devlopman Empire State, sa ki deziyen pou bay pwodikte bwason yo avèk yon pwen kontak inik gouvènman pou asistans konsènan règleman, lisans, rekonpans eta, ak nenpòt lòt kesyon oswa pwoblèm endistri a ap konfwonte. Manm yo pral ede nan devlopman ak/oswa pwogram direksyon pwomosyon ak maketing tankou [Taste NY](#), [Pride of New York](#) ak santye pou pwomote agrikilti New York, pandan lap eksplòre posibilite ki potansyèlman benefik pou endistri a.

Manm yo nan gwoup travay la sa ki pral dirije pa Komisyonè Depatman Agrikilti ak Mache Eta enkli:

Haitian Creole

- **Gary C. Bergstrom**, Ph.D., Profesè, Depatman Patoloji vejetal ak Plant-Mikwòb Biyoloji nan Inivèsite Cornell
- **Jimmy Carbone**, Óganizatè, Sesyon radyo sou byè
- **Larry Fisher**, Prezidan, Nòdès Hop Alliance
- **Steve Hindy**, Ko-fondatè, Brooklyn Brewery
- **David Katleski**, Fondatè Konpayi Brasri Empire ak Prezidan nan Asosyasyon Brasri NYS
- **Paul Leone**, Direktè Egzekitif , Asosyasyon Brasri NYS
- **Natalie Mattrazzo**, Ko-Pwopriyetè, FarmHouse Brewery
- **Steven Miller**, Spesyalis Cornell Hop
- **June Russell**, Manadjè Enspeksyon Fèm & Devlopman Stratejik nan Green market, GrowNYC
- **Gregg Stacy**, Vis Prezidan, Direktè Maketin & Lavant nan Konpayi Brasri Brown
- **Bill Verbeten**, Agronomi Ekstansyon Rejyonal , Ekstansyon Koperativ Cornell
- **Justin Whipple**, Pwopriyetè Whipple Brothers Farms

Reprezantan yo nan Otorite Liquor Eta ak Devlopman Empire State pral egalman patisipe nan gwoup travay la.

Komisyonè Agrikilti Eta Richard A. Ball te deklare, “Somè bwason ki baze sou fèm Gouvènè a te jete yon baz kwasans san parèy nan endistri a, e gwoup travay sa a pral pran yon etap pi lwen. Gouvènè Cuomo te pote ansanm kèk nan lespri ki pi bon ak pi briyan nan endistri a pou egzamine defi yo ak devlope solisyon travay. Se yon tan enteresan pou fè pati nan Agrikilti New York e ekspansyon nan endistri brasri atizanal la se yon gwo rezon pou sa.”

Prezidan Otorite Likè Eta Dennis Rosen te deklare, “Anba lidèchip Gouvènè a, pwodiktè atizanal New York yo te eksperimente yon eksplozyon kwasans kòm eta te fè patenarya avèk endistri a pou kreye nouvo lisans manifakti atizana, revize lwa ansyen yo, ak modènize règleman yo. Gwoup travay sa a pral amelyore patenarya sa , kòm nap travay ansanm pou plis etann opòtinite pou antrepriz nou yo ki baze sou fèm pou kontinye jenere travay ak devlopman anviwonamn ekonomik amikal nan kominote yo nan eta.”

Prezidan Devlopman Empire State, PDG & Komisyonè Kenneth Adams te deklare, “Kwasans fòmida nan endistri bwason an se yon rezilta dirèk nan wòl kle aktè prensipal yo te jwe nan eta pou adrese obstak potansyèl yo. Gwoup travay NY Craft Brewer pral ranfòse kolaborasyon sa nan amelyore kominikasyon

ak reyaksyon nan bezwen endistri bwason atizanal la, pandan lap ede kreye travay ak pwomote pi byen pwodui nou yo ki fèt lokalman.”

Nan Jiyè 2012, Gouvènè Cuomo te siyen yon lejislasyon ki te kreye yon lisans brasri agrikòl pou pwomote itilizasyon engredyen lokal yo nan byè atizanal. Depi lwa te antre anvigè nan janvyè 2013, 48 nouvo brasri agrikòl te louvri nan eta. Tankou Brasri Agrikòl, brasri atizanal agrikòl “New York” byè avèk nivo spesifik engredyen ki grandi lokal, gradyèlman te ogmante soti nan 20 pousan a 90 pousan nan 2024. Brasri Agrikòl yo te jwi menm privilèj ansanm avèk Etablisman Diven Agrikòl yo, enkli kapasite pou opere senk pwen lavant antedaj andeyò sit la, ouvri restoran, fè degistasyon ak vann pwodui ki gen rapò yo ki kapab enkli souvni, manje pou konplete degistasyon ak ekipman ak materyèl.

Mikwo-brasri New York kontinye pou eksperimente kwasans san parèy. Empire State kounye a se kay 100 mikwo-brasri, yon ogmantasyon 150 pousan apati 2011. Anplis, kantite restoran brasri te ogmante kòmanse 10 nan 2011 a 26 jodia, a yon ogmantasyon de 160%.

Aktyèlman, gen apeprè 225 karo houblon ki te plante nan Eta New York, ladan yo 150 karo pral rekòlte ane sa a—pou yon kantite plis pase 100,000 liv houblon.

Pou plis enfòmasyon sou endistri byè, diven, bwason ak sidr kap grandi nan New York, vizite [One Stop Shop](#) ak www.taste.ny.gov.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE